

John P. Graham
Director, Corporate Office of HIPAA Privacy &
Security Compliance
Information Technology Services

30 novanm 2010

Zafè ki prive ak konfidansyèl

<Full Name>
<Street Address>
<City, State, Zip Code>

Konsènan : Notifikasyon osijè
Enfòmasyon sante pa w

Chè Pasyan :

Kòporasyon Sante ak Lopital Vil Nouyòk (*New York City Health and Hospitals Corporation* — HHC), ki jere Sant Lopital nan Konte Kings (n ap kontinye rele l senpman « Kings County » pi devan), konprann enpòtans ki genyen pou kenbe sekre dosye medikal pasyan nou yo. Kifè nou dezole pou nou dwe enfòme w gen yon ensidan ki te rive nan Kings County ki petèt te lakòz moun te kapab achte sèten nan enfòmasyon ki pwoteje konsènan eta sante w (PHI). Ensidan sa a, sanble li te rive jou 22 dawout 2010, te prodwi poutèt yo te wete yon konpitè ak kab sekirize nan yon biwo ki te fèmen akle nan Kings County. Malerezman, apre yo te fè entèvyou ak analiz jidisyè, nou te dekouvri nan zòn 1ye oktòb 2010 konsa, disk di konpitè sa a ki te gendwa genyen sèten nan PHI ou yo, anpatikilye enfòmasyon demografik ak klinik ou yo, tankou non ou, nimewo dosye medikal ou, dyagnostik ak tretman ou.

Tanpri pa bliye HHC pa gen okenn prèv vreman yon moun te jwenn aksè san otorizasyon nan enfòmasyon konsènan eta sante w, ni te gen okenn moun ki te janm divilge enfòmasyon sa yo. Epitou, nou pa kwè vòlè a t ap eseye jwenn aksè nan done ki anrejistre nan konpitè a. Konpitè sa a te tounèf e Kings County pa t sèvi avèk li pou anrejistre done. Enfòmasyon ki gen PHI w yo ladann, se yon seri fichye ki pa klase yo te mete san gade nan konpitè sa a, nan kad pwofil itilizatè rezo sistèm enfòmasyon an. Malgre sa, lejislasyon federal mande pou nou mete w okouran osijè ensidan ki rive a e pou nou esplike w ki demach ou gendwa fè pou pwoteje tèt ou kont domaj posib ki ta kapab rive akòz sityasyon sa a pou w kapab pwoteje enfòmasyon ou yo.*

Pami demach ou gendwa vle pran pou pwoteje tèt ou kont konsekans negatif ensidan sa a :

* Règ konsènan Pwoteksyon Enfòmasyon Prive HIPAA (HIPAA Privacy Rule), 45 CFR § 164.401 e swivan « HIPAA » vle di Lwa pou Transfè ak Responsabilite Asirans Sante (*Health Insurance Portability and Accountability Act*) ki date nan lane 1996, Lwa sou Redrèsman ak Reyenvestisman Ameriken (*American Recovery and Reinvestment Act*) ki date nan lane 2009 te modifiye.

1) *Kòmande yon rapò gratis sou kredi w.* Selon lalwa federal osijè Rapò Kredi ki Ekitab (*Fair Credit Reporting Act*), ou gen dwa resevwa yon kopi rapò sou kredi w gratis nan men tou le twa (3) konpayi nasyonal ki fè rapò sou kredi (Equifax, Experian ak TransUnion) yon fwa chak douz (12) mwa. Apre w fin resevwa rapò sou kredi w, ou fèt pou w gade byen pou wè si l pa gen tranzaksyon ou pa rekonèt, tankou kont ou pa t janm louvri oswa dèt ou pa t janm otorize. Si w dekouvri enfòmasyon nan rapò sou kredi w ou panse ki rezilta fwòd, kontakte konpayi kredi a pou l bloke enfòmasyon sa a.

Ou gen dwa resevwa rapò sou kredi w sou Entènèt nan www.annualcreditreport.com, nan telefòn nan 1-877-322-8228 oswa konplete fòm ki atache la a e voye l nan lapòs nan adrès sila a : Annual Credit Report Request Service, P.O. Box 105281, Atlanta, GA 30348-5281.

Menmsi ou gendwa mande pou w resevwa rapò sou kredi nan men tout le twa (3) konpayi ki fè rapò sou kredi anmenmtan, gen yon lòt estrateji kote ou kapab mande rapò sou kredi nan men yon konpayi touswit, alòske w kapab mande de (2) lòt konpayi yo voye rapò sou kredi apre kèk semenn oswa kèk mwa, pou wè si pa gen okenn tranzaksyon ki fèt san ou pa t otorize yo pandan tout lane a.

2) *Met anplas yon pwosesis pou voye yon alèrt ba w sou fichye kredi konsomatè w yo.* Rele nimewo gratis nenpòt kilès nan twa (3) konpayi ki fè rapò sou kredi yo ki endike annapre a pou yo kapab pwograme pandan 90 jou yon sistèm sou rapò kredi w pou alèrt w sizoka yon moun ta eseye fè fwòd. Sa gendwa anpeche yon vòlè idantite louvri kont anba non ou. Depi konpayi ki fè rapò sou kredi yo konfime alèrt poutèt fwòd, li pral avèti otomatikman de (2) lòt biwo kredi yo pou yo plase yon alèrt sou rapò kredi w.

- **Equifax** : 1-800-525-6285/ www.equifax.com/ P.O. Box 740241, Atlanta, GA 30374-0241
- **Experian** : 1-888-EXPERIAN (397-3742) / www.experian.com / P.O. Box 9532, Allen TX 75013.
- **TransUnion** : 1-800-680-7289 / www.transunion.com / Fraud Victim Assistance Division, P.O. Box 6790, Fullerton, CA 92834-6790.

3) *Siveye tranzaksyon ki fèt ak kont ou.* Li dokiman labank voye ak dokiman asirans sante w yo pou sèvis ou resevwa rapidman touswit apre ou fin resevwa papyè sa yo pou w kapab konfime pa gen erè ladan l. Epitou, gade byen fakti w ap resevwa yo si se fakti nòmal ou yo e si yo pa t chanje kont ou yo. Kòmanse enkyete si w resevwa kat kredi pouki ou pa t janm aplike oubyen kominikasyon kreditè ap voye w konsènan machandiz oswa sèvis ou pa t janm achte.

Si w panse ou viktim yon moun ki vòlè idantite w, ou gen dwa deklare l nan Depatman Lapolis Vil Nouyòk nan distri lapolis ki pi pre w oswa rele nan 311.

4) *Mande otorizasyon pou jwenn aksè nan dosye medikal ou, e si sa konvnan, soumèt yon plent pou korije dosye w.* Ou gendwa ta renmen gade dosye medikal ou pou wè si yon

moun te jwenn aksè nan enfòmasyon prive w yo san otorizasyon. Selon rezilta enspeksyon sa a, ou gen dwa soumèt yon demann pou yo modifiye dosye w pou korije enfòmasyon ou panse ki pa vreman nesè nan dosye medikal ou.

Si w ta renmen enspekte dosye medikal ou, tanpri depoze yon demann HIPAA Request to Access (Fòm HHC 2426) nan Administrasyon enfòmasyon sante (*Health Information Management* – HIM) nan Kings County. Apre w fin egzamine l, si w vle yo fè yon koreksyon, depoze yon fòm *HIPAA Request for Amendment* (HHC 2415) nan HIM.

5) *Epitou w ap jwenn tout enfòmasyon adisyonèl ki kapab itil sou wèbsayt ki endike annapre yo osijè mezi sa yo ansanm ak lòt prekasyon ou gen dwa pran tou pou pwoteje tèt ou kont moun k ap eseye vòlè idantite w:*

Komisyon Federal pou le Komès (*Federal Trade Commission*) –
<http://www.ftc.gov/bcp/edu/microsites/idtheft/consumers/compromised.html>


Biwo Direktè Lajistis Nouyòk –
http://www.ag.ny.gov/bureaus/consumer_frauds/tips/id_theft_victim.html

Depatman Lapolis Vil Nouyòk --
http://www.nyc.gov/html/nypd/downloads/pdf/crime_prevention/Identity_Theft.pdf

Noumenm nan HHC, nou pran wòl nou trè oserye pou pwoteje enfòmasyon prive w yo e pou nou sèvi avèk yo yon fason ki apwopriye. HHC dezole si ensidan sa a lakòz ou gen enkyetid e nou asire w nou pran mezi pou yon lòt vyolasyon règ PHI yo p ap reproduwi. Politik konsènan sekirite HHC met anplas yo deja anpeche telechajman entansyonèl PHI sou konpitè ki nan biwo yo, men Kings County anpas pou l adopte yon nouvo sistèm ki pral kode enfòmasyon moun telechaje san fè ekspre nan kad pwofil itilizatè konpitè a.

Ou gendwa kontakte Annette Griffith, Ofisye ki responsab Zafè prive HIPAA nan Kings County oswa pa telefòn nan (718) 245-4219 si w gen nenpòt kesyon ou ta renmen poze oubyen pou w kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan vyolasyon sa a, oubyen ou kapab rele m gratis konsènan ensidan sa a nan 888-91-HIPAA (888-914-4722), oubyen kontakte m pa imèl nan CPSO@nychhc.org.

Avèk senserite,



John P. Graham

Dokiman ki atache la a.